



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKSEPTÉ REKÒMANDASYON KOMISÈ SANTE ETA A POU NOUVO MEZI IJANS POU FRENEN GWOUPE CORONAVIRUS LA NAN NEW ROCHELLE

Pandan Kontrandi sou Coronavirus la, Gouvènè a Konfime 31 Ka Sipleman tè nan Eta New York - Ki Ramne Total la a 173 nan Tout Eta a; Nouvo Ka yo Enkli 10 nan Konte Westchester, 17 nan NYC, 2 nan Konte Nassau ak 2 nan Konte Rockland

Lekòl, Mezon Adorasyon ak Lòt Etablisman Gwo Reyinyon Ap Fèmen Tanporèman pandan yon Peryòd De Semèn nan Zòn ki Pi Afekte nan New Rochelle soti 12-25 Mas

Deplwaye Gad Nasyonal nan Pòs Kòmand Depatman Sante Eta a nan New Rochelle pou Ede avèk Netwayaj ak Lòt Efò Sipò Kominotè

Anonse Patenarya ak Northwell Health pou Etabli Enstalasyon Satelit pou Fè Tès nan New Rochelle

Gouvènè Andrew M. Cuomo te aksepte rekòmandasyon Komisè Sante Eta a, Dtè. Howard Zucker pou nouvo mezi ijans pou frennen gwoup coronavirus la nan New Rochelle. Zòn nan genyen 108 ka ki konfime aktyèlman e yo konsidere l kòm yon "gwoup". Pwotokòl yo genyen ladan yo fèmen lekòl, mezon adorasyon ak lòt etablisman gwo rasanbleman ki nan yon reyon yon kilomèt swasant New Rochelle pandan yon peryòd de semèn, soti jedi 12 mas rive mèkredi 25 mas.

Gouvènè a te deplwaye twoup Gad Nasyonal yo nan yon pòs kòmandman Depatman Sante a nan New Rochell pou ede ak epidemi an. Twoup yo mobilize pou livre manje nan kay yo epi ede nan netwayaj piblik espas nan zòn kontwòl la.

Gouvènè a te konfime 31 ka adisyonèl Coronavirus, sa ki bay yon total 173 ka konfime nan Eta New York. Nan total 173 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Westchester: 108 (10 nouvo ka)
Vil New York: 36 (17 nouvo ka)
Nassau: 19 (2 nouvo ka)
Rockland: 6 (2 nouvo ka)
Saratoga: 2
Suffolk: 1
Ulster: 1

Gouvènè a te anonse tou Eta a ap fè patenarya ak Northwell Health pou etabli enstalasyon satelit pou fè tès nan New Rochelle. Vizit yo t ap fèt sou randevou sèlman. Gen plis enfòmasyon k ap pibliye nan pa lontan sou soustwèb Depatman Sante Eta a.

"Pi gwo gwoup ka corona virus ki konfime nan peyi a sitiye nan New Rochelle, e pliske kantite a kontinye ap monte, nou bezwen yon estrateji sante piblik espesyal pou frennen l", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap avanse kounye a soti nan kontwòl pou rive nan rediksyon, e akòz pifò transmison maladi sa gen tandans pou fèt sou yon baz jewografik, n ap atake pwèn cho a nan sous la. Pandan kantite ka pozitif yo ap ogmante, m ap ankouraje tout Nouyokè pou sonje sa ki esansyèl la: nou pale de tout bagay sa yo pou kenbe piblik la enfòme — pa pou ensite laperèz — e si ou pa yon manm nan popilasyon vilnerab la alò pa gen okenn rezon pou enkyete aleksè."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, "Pandan nou obsève kantite ka yo kontinye ap ogmante akòz kontak rapwoche ak moun ki pozitif pou COVID-19 yo, gen yon bezwen patikilye pou diminye opòtinite pou plis kontak rapwoche. Pami opòtinite sa yo se lekòl, legliz, sinagòg, ak lòt espas evènman kote gwo kantite moun reyini epi rete ansanm pandan peryòd tan pwolonje. Byenke nou kwè risk pou Nouyokè yo jeneralman ba, mwen te rekòmande estrateji pou diminye opòtinite pou pwopaje pi plis avèk objektif pou diminye kantite nouvo ka n ap obsève nan New Rochelle yo."

Lis etablisman nan zòn kontwòl yo te pwomilge nan konsiltasyon ak patnè lokal yo ki genyen ladan yo Kad Egzekitif Konte a ak Majistra New Rochelle la.

Eta a ap travay ak lekòl ki afekte yo pou asire ke nenpòt timoun ki depann aktyèlman de pwogram asistans manje a kontinye resevwa benefis sa yo pandan peryòd de semèn la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)